



# COVID-19

## Konsèy pou Biznis ak Anplwaye yo

Depatman Sante Florid • FloridaHealthCOVID19.gov

### Redui Transmisyon nan Mitan Anplwaye yo Ankouraje anplwaye ki malad yo rete lakay yo

■ Anplwaye ki gen sentòm (**tous oswa souf kout**) dwe avèti sipèvizè yo epi rete lakay yo. Lòt sentòm COVID-19 yo gen ladan lafyè, frison, tranbleman, doulè nan misk, maltèt, malgòj, ak vin pa ka pran gou oswa pran sant.

■ Anplwaye yo pa dwe retounen nan travay jiskaske yo ranpli kritè pou sispann izòlman nan kay, an konsiltasyon avèk founisè swen sante yo. **Aprann plis nan tinyurl.com/vgx83aq.**

■ Anplwaye ki pa malad, men ki gen yon manm fanmi ki malad lakay yo ak COVID-19 dwe avèti sipèvizè yo. Swiv prekosyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande yo nan **tinyurl.com/sdf3p46.**

■ Pou redui mendèv nan biwo a vin 50%, ankouraje anplwaye yo fè teletravay si sa posib.


■ Pou jwenn plis enfòmasyon, gade nan Avi Sante Piblik Florid la nan **FloridaHealthCOVID19.gov/News.**



### Fè Règleman Konje Malad yo Fleksib

■ Asire ke règleman konje maladi yo fleksib epi annakò avèk konsèy sante piblik yo, epi anplwaye yo okouran ak konprann règleman sa yo.

■ Kenbe règleman fleksib ki pèmèt anplwaye yo rete lakay yo pou yo pran swen yon manm fanmi ki malad oswa pou pran swen timoun yo akòz fèmti lekòl ak gadri.



■ Patwon yo pa dwe egzije yon rezilta tès COVID-19 pozitif oswa yon nòt founisè swen sante (Healthcare Provider, HCP) pou anplwaye ki malad pou endike maladi yo valab, pou yo kalifye pou konje maladi, oswa pou yo retounen nan travay. Kabinè HCP yo ak etablisman medikal yo ka trè okipe epi yo pa kapab bay dokiman sa yo byen vit.

### Kenbe yon Anviwònman Travay ki An Sante

■ Otorite Eta a sijere pou travay yo mande pou anplwaye yo mete mask pou figi.

■ Si sa posib, bay klinèks ak poubèl moun pa oblije manyen.

■ Bay savon ak dlo nan espas travay la.

■ Mete dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl nan plizyè anplasman pou ankouraje ijyèn men.

■ Dekouraje bay lanmen—ankouraje itilizasyon lòt metòd pou salye ki pa gen kontak.

■ Pou ankouraje distans sosyal, kenbe yon distans **6 pye** ak lòt moun lè sa posib.



### Fè Netwayaj ak Dezenfeksyon Woutin

■ Netwaye ak dezenfekte regilyèman tout sifas moun manyen souvan nan espas travay la, tankou pòs travay, klavye, telefòn, balistrad, ak manch pòt yo.

■ Lè sa posib, dekouraje pou travayè yo itilize telefòn, tab biwo, biwo, oswa lòt zouti ak ekipman travay lòt travayè. Si sa nesèsè, netwaye ak dezenfekte yo anvan itilizasyon ak apre yo fin itilize yo.

■ Ofri ti tanpon mouye jetab pou anplwaye yo kapab siye sifas moun itilize souvan yo anvan chak itilizasyon.



### Enfòme Anplwaye yo Anvan Vwayaj

■ Tcheke Avi CDC sou Sante pou Vwayajè pou jwenn konsèy ak rekòmandasyon ki pi resan pou chak peyi kote ou pral vwayaje.

■ Konseye anplwaye yo pou yo tcheke tèt yo pou sentòm COVID-19 (tous oswa souf kout, frison lafyè, tranbleman, doulè nan misk, maltèt, gòj fè mal, ak vin pa ka pran gou oswa pran sant) anvan yo kòmanse vwayaje epi avèti sipèvizè yo epi rete lakay yo si yo malad.

■ Asire anplwaye ki vin malad pandan y ap vwayaje oswa pandan yo nan afektasyon tanporè konprann yo dwe avèti sipèvizè yo epi rele touswit yon founisè swen sante pou jwenn konsèy si sa nesèsè.

# COVID-19

## Konsèy pou Biznis ak Anplwaye yo

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov/COVID-19


### Redui Transmisyon nan Mitan Anplwaye yo Ankouraje anplwaye ki malad yo rete lakay yo

- Anplwaye ki gen sentòm (**tous oswa souf kout**) dwe avèti sipèvizè yo epi rete lakay yo. Lòt sentòm COVID-19 yo gen ladan lafyè, frison, tranbleman, doulè nan misk, maltèt, malgòj, ak vin pa ka pran gou oswa pran sant.
- Anplwaye yo pa dwe retounen nan travay jiskaske yo ranpli kritè pou sispann izòlman nan kay, an konsiltasyon avèk founisè swen sante yo. **Aprann plis nan [tinyurl.com/vgx83aq](https://tinyurl.com/vgx83aq).**
- Anplwaye ki pa malad, men ki gen yon manm fanmi ki malad lakay yo ak COVID-19 dwe avèti sipèvizè yo. Swiv prekosyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande yo nan **[tinyurl.com/sdf3p46](https://tinyurl.com/sdf3p46)**.
- Pou redui mendèv nan biwo a vin 50%, ankouraje anplwaye yo fè teletravay si sa posib.
- Pou jwenn plis enfòmasyon, gade nan Avi Sante Piblik Florid la nan **[FloridaHealthCOVID19.gov/News](https://FloridaHealthCOVID19.gov/News)**.



### Fè Règleman Konje Malad yo Fleksib

- Asire ke règleman konje maladi yo fleksib epi annakò avèk konsèy sante piblik yo, epi anplwaye yo okouran ak konprann règleman sa yo.
- Kenbe règleman fleksib ki pèmèt anplwaye yo rete lakay yo pou yo pran swen yon manm fanmi ki malad oswa pou pran swen timoun yo akòz fèmti lekòl ak gadri.
- Patwon yo pa dwe egzije yon rezilta tès COVID-19 pozitif oswa yon nòt founisè swen sante (Healthcare Provider, HCP) pou anplwaye ki malad pou endike maladi yo valab, pou yo kalifye pou konje maladi, oswa pou yo retounen nan travay. Kabinè HCP yo ak etablisman medikal yo ka trè okipe epi yo pa kapab bay dokiman sa yo byen vit.



### Kenbe yon Anviwònman Travay ki An Sante

- Otorite Eta a sijere pou travay yo mande pou anplwaye yo mete mask pou figi.
- Si sa posib, bay klinèks ak poubèl moun pa oblije manyen.
- Bay savon ak dlo nan espas travay la.
- Mete dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl nan plizyè anplasman pou ankouraje ijyèn men.
- Dekouraje bay lanmen—ankouraje itilizasyon lòt metòd pou salye ki pa gen kontak.
- Pou ankouraje distans sosyal, kenbe yon distans **6 pye** ak lòt moun lè sa posib.



### Fè Netwayaj ak Dezenfeksyon Woutin

- Netwaye ak dezenfekte regilyèman tout sifas moun manyen souvan nan espas travay la, tankou pòs travay, klavye, telefòn, balistrad, ak manch pòt yo.
- Lè sa posib, dekouraje pou travayè yo itilize telefòn, tab biwo, biwo, oswa lòt zouti ak ekipman travay lòt travayè. Si sa nesesè, netwaye ak dezenfekte yo anvan itilizasyon ak apre yo fin itilize yo.
- Ofri ti tanpon mouye jetab pou anplwaye yo kapab siye sifas moun itilize souvan yo anvan chak itilizasyon.



### Enfòme Anplwaye yo Anvan Vwayaj

- Tcheke Avi CDC sou Sante pou Vwayajè pou jwenn konsèy ak rekòmandasyon ki pi resan pou chak peyi kote ou pral vwayaje.
- Konseye anplwaye yo pou yo tcheke tèt yo pou sentòm COVID-19 (tous oswa souf kout, frison lafyè, tranbleman, doulè nan misk, maltèt, gòj fè mal, ak vin pa ka pran gou oswa pran sant) anvan yo kòmanse vwayaje epi avèti sipèvizè yo epi rete lakay yo si yo malad.
- Asire anplwaye ki vin malad pandan y ap vwayaje oswa pandan yo nan afektasyon tanporè konprann yo dwe avèti sipèvizè yo epi rele touswit yon founisè swen sante pou jwenn konsèy si sa nesesè.